

BANK SOAL KITA
UH 3 SEMESTER 2 KELAS V
MAPEL Bahasa Jawa

ULANGAN HARIAN KELAS V SEMESTER II KE 3

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Hari / Tanggal :
Waktu :
Tema : Ekonomi

Wacanen pacelathon ing ngisor iki kanthi permati!

Koperasi

- Amin : “Wilujeng dalu, Pak?”
Pak Wakid: “Lho kowe ta, Min, kene-keno lungguh kene!”
Amin : “Inggih, Pak, matur nuwun ”
Pak Wakid: “Kok njanur gunung ta, Min?”
Amin : “Njanur gunung menika menapa ta, Pak?.”
Pak Wakid: “Kadingaren kowe dolan rene”
Amin : “Inggih Pak, kula mriki badhe nyuwun pirsababagan koperasi”
Pak Wakid: ”Oo ... ngono, ta, banjur babagan sing endi kang durung tok ngerteni?”
Amin : “Menika, lha ,Pak ingkang kawastanan koperasi konsumsi kaliyan koperasi produksi, bantenipun menapa?”
Pak Wakid: “Kang diarani koperasi konsumsi iku koperasi sing nyedhiyani kebutuhan anggotane, dene koperasi produksi yaiku koperasi sing mroduksi utawa nggawe barang”
Amin : “Oo... makaten, sapunika kula sampun mangertos, matur nuwun nggih, Pak.”
Pak Wakid: “Iya- iya, le, padha-padha”

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d kang dadi wangsulan kang kok paling bener!

1. Kang dadi paraga ing pacelathon dhuwur yaiku
a. Amin
b. Amin lan Pak Wakid
c. Pak Wakid
d. Amin lan pegawe koperasi
2. Karepe Amin menyang daleme Pak Wakid yaiku
a. Nyuwun pirsababagan koperasi
b. nyuwun arta
c. Nyuwun tulung
d. Dolan wae
3. Koperasi sing nyedhiyani kebutuhan anggotane diarani koperasi
a. usaha
b. modal
c. konsumsi
d. produksi
4. Nyimpen dhuwit sing luwih aman ana ing
a. dompet
b. Bank
c. celengan
d. Sor kasar
5. Blanja ing koperasi luwih
a. gampang
b. mujur
c. larang
d. murah
6. KUD singkatan saka
a. Koperasi Usaha Desa
b. Koperasi Unit Desa
c. Koperasi Unit Darma
d. Koperasi Usaha Dana
7. Dadi bocah aja mung Dhuwat- ... wae
a. dhawet
b. dhawit
c. dhuwit
d. duwit
8. Koperasi sekolah nyedhiyani
a. piranti sekolah
b. piranti dolan
c. Barang mainan
d. Simpan pinjam
9. Pengurus koperasi dipilih dening
a.guru
b. pemerintah
c. anak
d. anggota
10. Wusana cukup semene wae.
Perangan layang ing dhuwur ing bab
a.panutup
b. pambuka
c. Surasa basa
d. Titi mangsa

II. Gathukna wangsulan ing sisih kiwa nganggo cara nulis aksarane ana ing njero kothak sing kok anggep bener!

- | | |
|---|---------------------------|
| 11. Azas koperasi | a. koperasi |
| 12. Koperasi Pegawai Negeri | b. adangiyah |
| 13. Nglatih ketrampilan siswa nyambut gawe bebarengan | c. kekeluargaan |
| 14. Perangane layang | d. Dwi lingga salin swara |
| 15. aja tuka-tuku wae | e. KPN |
| | f. Dwi lingga |
| | g. toko. |

III. Isenana titik-titik ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk!

16. KUD, Korpin, KPN iku kalebu
17. SHU cekakan saka
18. Tembung linggane *dipakani* yaiku
19. Saka kancamu ing Jakarta
Perangan layang ing dhuwur babagan
20. Juru tulis ing kalurahan jenenge
21. Pak Karya (pacul) ing sawah. Tembung pacul kang bener
22. Adhik lagi nangis nalika simbah turu ana kamar. Tembung turu iku salah kang bener yaiku
23. Abang-abang, ireng-ireng, iku kalebu tembung
24. Aku getun ora melu anggota koperasi. Tembung getun tegese
25. Tana lagi (gambar) pemandhangan. Tembung ing jeron kurung iku salah kang bener yaiku

IV. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor manut printahe!

26. Tulisen 3 wae tembung dwi lingga!

Wangsulan :

27. Tulisen 3 wae ukara tanduk!

Wangsulan :

28. Apa wae paedahe dadi anggota koperasi?

Wangsulan :

29. Tulisen nganggo aksara jawa ukara ing ngisor iki!

“ Siti nulis layang “

Wangsulan :

30. Ukara ing ngisor iki gantinen nganggo basa krama!

“Ibu tuku jarik menyang pasar”

Wangsulan :

ULANGAN LESAN

1. Kang kasebut “wulu cumbu madukara” yaiku
2. Pak Amat mau esuk maculi sawahe. Ukara iku wasesane....
3. Saben akhir tahun anggota koperasi entuk bathine koperasi kang jenenge
4. Azas koperasi yaiku
5. Kumbakarna perang mungsuh bala wanara . Wanara tegese
6. Kumbakarna perang mungsuh bala wanara mbelani bumi....
7. Sing milih pengurus koperasi yaiku
8. Koperasi sing anggotane pegawai negeri yaiku
9. Petani dadi anggota koperasi ...
10. Tembang gambuh dumadi saka gatra

ULANGAN PERBUATAN

Coba gaweya layang marang kancamu!

KUNCI JAWABAN UNHAR BHS. JAWA KL.V SM 2 KE 3

TES TERTULIS

I. PILIHAN GANDA

1. B
2. A
3. C
4. B
5. D
6. B
7. C
8. A
9. D
10. A

III. ISIAN

16. Koperasi
17. Sisa Hasil Usaha
18. pakan
19. peprenah
20. Carik
21. macul
22. sare
23. dwi lingga
24. gela
25. nggambar

II. MENJODOHKAN

11. C
12. E
13. A
14. B
15. D.

IV. URAIAN

26. abang-abang, ijo-ijo, lara-lara, lsp
27. Kawicaksanaan guru
28. Barang-barang didiedol luwih murah, saben tahun entuk SHU, lsp
29. ?sitinulisLy=.
30. Ibu mundhut nyamping dateng peken

TES LESAN.

1. Semar
2. maculi
3. SHU
4. Kekeluargaan
5. kethek
6. kelahirane
7. anggota
8. KPN
9. KUD
10. 5

TES PERBUATAN

Kawicaksanaan guru